

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana data hasil panalungtikan jeun pedaran, panalungtik ngarumuskeun kacindekan hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun nya éta:

1) Kamampuh nulis karangan déskripsi saacan jeung saenggeus dilaksanakeun pangajaran ngagunakeun métode Ceramah jeung *Picture and Picture*.

Tina hasil panalungtikan kabukti aya paningkatan kamampuh nulis karangan déskripsi saenggeus ngagunakeun métode Ceramah jeung *Picture and Picture*. Ieu hal kabukti tina hasil rata-rata *pretest* jeung *posttest*. Hasil rata-rata *pretest* kelas Ceramah = 9,06 sedengkeun rata-rata *posttest* kelas Ceramah = 11,31 jeung Hasil rata-rata *pretest* kelas *Picture and Picture* = 10,8 sedengkeun rata-rata *posttest* kelas *Picture and Picture* = 13,52.

2) Béda nu signifikan antara kamampuh nulis karangan déskripsi ngagunakeun métode pangajaran Ceramah jeung *Picture and Picture*.

Métode pangajaran Ceramah jeung *Picture and Picture* nu digunakeun dina pangajaran nulis karangan déskripsi di kelas VII SMP Negeri 15 Bandung kawilang cukup éféktif. Ieu kaayaan di buktikeun ku nilai rata-rata kelas Ceramah (nu ngagunakeun métode pangajaran Ceramah) jeung kelas *Picture and Picture* (anu ngagunakeun métode pangajaran *Picture and Picture*) dina hasil *posttestna* alus. Dumasar hasil itungan, dipibanda  $t_{itung} = 9,45$  pikeun kelas *Picture and Picture* jeung

7,29 pikeun kelas Ceramah, sedengkeun  $t_{tabel} = 1,68$ . Jadi  $t_{itung}$  boh pikeun kelas *Picture and Picture* boh kelas Ceramah  $> t_{tabel}$  ( $9,45/7,29 > 1,68$ ), hartina nya éta : “Aya béda rata-rata antara hasil *pretest* jeung *posttest* sacara signifikan pikeun kelas Ceramah (nu ngagunakeun métode pangajaran Ceramah) jeung kelas *Picture and Picture* (anu ngagunakeun métode pangajaran *Picture and Picture*) dina pangajaran nulis karangan deskripsi”.

Dumasar kana hasil babandingan nilai rata-rata *pretest* jeung *posttest* nu dipibanda ku masing-masing kelas boh kelas Ceramah boh kelas *Picture and Picture* hasil itungan dimana  $t_{itung} < t_{tabel}$  ( $0,86 < 2,39$ ), nétélakeun kamampuh siswa dina pangajaran nulis karangan deskripsi nu ngagunakeun métode *Picture and Picture* leuwih pangajaran nulis karangan deskripsi nu ngagunakeun métode *Picture and Picture* leuwih alus dibandingkeun nu ngagunakeun métode Ceramah atawa métode *Picture and Picture* leuwih éféktif dibandingkeun jeung métode Ceramah dina pangajaran nulis karangan deskripsi. Jadi, Jadi,  $H_a$  ditarima “ Kamampuh nulis karangan deskriptif anu ngagunakeun métode *Picture and Picture* leuwih alus sacara signifikan dibanding jeung nu ngagunakeun métode Ceramah”.

Kusabab éta kacindekan ahir tina ieu panalungtikan nuduhkeun métode Ceramah kurang éféktif dibandingkeun jeung métode *Picture and Picture* atawa métode *Picture and Picture* leuwih éféktif dibandingkeun jeung métode Ceramah dina pangajaran nulis karangan deskripsi siswa kelas VII SMP Negeri 15 Bandung. Salian ti éta tina hasil panitén kagambar kahéngkérana jeung kapunjulan tina dua métode nu digunakeun, kahéngkérana diantarana nya éta hése milih métode

pangajaran nu luyu jeung bahan pangajaran nu bakal ditepikeun, kaparigelan guru dina milih métode sarta dina lumangsungna kagiatan diajar ngajar merlukeun loba waktu jeung biaya. Sedengkeun kaunggulanna nya éta siswa leuwih kreatif jeung kamotivasi diajarna, guru leuwih babari nepikeun materi diajar, sarana jeung prasarana bias dimanfaatkan sacara optimal, sarta teu nimbulkeun kabosenan salila prosés diajar ngajar.

## 5.2 Saran-saran

Dumasar hasil panalungtikan baris dipedar sababaraha saran anu mudah-mudahan mangpaat pikeun kamajuan dunia atikan utamana dina ningkatkeun kualitas Sakola jeung kualitas guru ngajar dina pangajaran nulis karangan deskripsi. Saran-saran nu diajukeun ngawengku:

- a) Guru kudu kreatif milih jeung ngagunakeun métode pangajaran anu luyu jeung materi pangajaran nu baris ditepikeun ka siswa.
- b) Kamajuan elmu pangaweruh jeung téknologi bisa dimangpaatkeun pikeun kasuksesan atikan di sakola.
- c) Pangajaran nulis di sakola kudu ditingkatkeun, sangkan ngarojong kamajuan siswa.
- d) Dipiharep hasil ieu panalungtikan bisa hadi motivasi pikeun guru sangkan kreatif dina milih métode pangajaran sejénnasalian ti métode Ceramah jeung métode *Picture and Picture* anu bakal leuwih éféktif jeung mampu ngamotivasi siswa dina pangajaran nulis.